**Доккха хиндерг долуш бу нохчийн мотт. Цхьа зама йогIур ю, дуьненан кхечу мехкашкахь дуккха а къаьмнаша нохчийн мотт Iамор шайн декхар лоруш.**

*(Шайх Митаев Iела)*

# ЗОРИ ИСЛАМА

Республиканская религиозно-просветительская газета «Исламан ЗIаьнарш»

WWW.ZORI-ISLAMA.COM | ZORI_ISLAMA | ZORI_ISLAMA | ZORI_ISLAMA | ZORIISLAMA95

Арахеца долийна 1990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября 1990 года
Первая религиозно-просветительская газета в СССР

2018-чу шеран 25-гIа апрель
25 апрель 2018 года №8 (408)


∗ Нохчийн меттан денца доьзна ∗ Нохчийн меттан денца доьзна ∗ Нохчийн меттан денца доьзна ∗

## Нохчийн Республикин Куьйгалхочун, Россин Турпалхочун Кадыров Рамзанан декъалдар

**Хьомсара махкахой!**

Даггара декъалдо шу Нохчийн меттан денца!

Ненан мотт вайн халкъан, цуьнан историн, башхаллин, культурин дакъа ду, цунах дIакъасто йиш йоцуш долу. Шен ненан мотт безаш ца хилча, шен халкъе а, шен Даймохке а безам хуьлийла дац. Оцу дезачу дийно, хIинца 11 шо кхаьчна цуьнан, къаьсттина сий-лараме меттиг дIалаьцна вайн республикин хиламийн а, рузманехь долчу дезачу деной а могIарехь.

Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин даима а шатайпа экаме юкъаметтигаш яра нохчийн мотт а, йоза а Iалашдаран, кхиоран гIуллакхашца. Цунна тIехдика хаьара масех мотт. Делахь а, ненан маттаца къаьсттина ларам бара цуьнан. Иза коьрта а лорура цо. Цунах ас даима а дозалла а дора, цунах со воккха а вера. Со теш хилла республикина уггаре а чолхе яьхкинчу хенашкахь Ахьмад-Хьаьжас нохчийн мотт бовзийтарехь, кхиорехь, баржорехь, цуьнга марзо кхолларехь къахьоьгуш болчу лингвисташна а, яздархошна а гIонакъосталла деш. Цо гIо дора нохчийн маттахь газеташ, журналаш, книгаш, телепередачаш, радиопрограммаш арахеца. Тахана вай кхидIа а дIахьош ду цуьнан дIадолораш. Оцу дакъошкахь керл-керла кхиамаш а боху.

Вай леррина тидам тIебохуьйту кегийрхой ийманехь, оьзда, гIиллакхе кхетош-кхиорна, къоман культура кхиорна. ХIора шарахь республикехь дIахьо нохчийн мотт Iалашбарна, кхиорна тIехьовсийна йолу бIеннаш конкурсаш, фестивалаш, форумаш. ХIунда аьлча нохчийн мотт вайн халкъан коьрта билгало а, вайн башхаллин, шатайпаналлин чIагIо а ю.

ХIора а нохчичун сийлахь декхар хета суна шен мотт ларбар, Iалашбар, кхиор, историна муьтIахь хилар, цуьнан хьостанийн сий-ларам бар.

Лараме махкахой! Лаьа шу ирсе хуьлийла, шун могашалла, аьтто хуьлийла, ненан матте доза доцу бокха безам шун хуьлийла!

## Нохчийн Республикин Парламентан Председателан, Россин Турпалхочун Даудов Мохьмадан декъалдар

**Лараме махкахой!**

Нохчийн меттан дийнан хьокъехь долчу Указана Нохчийн Республикин Президента Кадыров Ахьмад-Хьаьжин Рамзана куьг яздира 2007-чу шеран хIутосург (май) беттан 11-чу дийнахь. Цул тIаьхьа дIадевллачу шерашкахь Нохчийн меттан де баккъал а дерриге а халкъан дезде хилла дIахIоьттина.

Иштта хила а ма догIура иза. ХIунда аьлча, къоман са ма ду нохчийн мотт! Нохчийн мотт дика хууш а, халкъан дахарехь цо лелочу маьIнех кIорггера кхеташ а вара Нохчийн Республикин хьалхара Президент, Россин Турпалхо Кадыров Iабдул-Хьамидан Ахьмад-Хьаьжа (Дала гIазот къобалдойла цуьнан). Цундела и ларбаре, кхиоре, къоначарна марзбаре кхойкхура цо.

Баккхийчарна дика дагайогIу оьрсийн мотт айбина, нохчийн мотт охьатаIийна хилла Советийн зама. ХIетахь юкъараллин меттигашкахь, транспорта чохь, кхечанхьа доьхкуш дара нохчаша вовшашка нохчийн маттахь къамел дар. Нохчийн мотт юьстахтеттина латторан политика Iедало дIаяхьар бахьана долуш, ах сов нохчий шайн ненан мотт хууш бацара.

Тахана кхин хьал ду. Нохчийн Республикин Куьйгалхочун Ахьмад-Хьаьжин Рамзанан дIадолорца кхиамца кхочушъеш ю нохчийн меттан гIолацаран а, иза кхиоран а программаш. Нохчийн мотт ларбаран а, марзбаран а Iалашонца хIора шарахь республикехь дIахьо дуккха а конкурсаш, фестивалаш, конференцеш.

Нохчийн мотт вайн халкъан культурин бух хилла лаьтта. Иза бийцар, бийца хаар вайх хIора а нохчийн къомах хиларан билгало ю. Мел яккхий халонаш тIехIиттарх цунах хер ца луш схьабаьхкина вайн дай. Уьш кхеташ хилла Дала вайна белларг нохчийн мотт хиларх, иза ларбар, кхиор, тIаьхьенашна марзбар шайн сийлахь декхар хиларх. Делахь-хIета, хIинца вайн декхар а ду ненан мотт Iалашбар а, кхиор а, тIаьхьене, ларбан весет деш, дIакховдор а.

Лараме махкахой! Даггара декъалдо шу Нохчийн меттан денца! Дала ирс-аьтто хуьлуш, дуккха а шерашкахь могаш-маьрша дахадойла шу!

## Нохчийн мотт – вайн къоман назма

Лорсанукаев Увайс

*«Нохчийн мотт, хьо биц а бина, хаа безаш белахь, со цхьа а мотт ца хууш вуьсийла; нохчийн Iадат а, гIиллакх а, шу дIатесчий бен хуьлуш бацахь, со хьеший боцуш вуьсийла; Нохчийчоь, хьо кIезга а, лоха а хетта кхочуш делахь, со дуьне дааза вуьсийла…»*
*Абдулаев Леча, НР-н халкъан поэт.*

Дуьненан уггаре а баккхийчу тамашех цхьаъ бу АДАМАН мотт. Адам кхидолчу дийнатех къасточу билгалонех коьртаниг а мотт бу. Ма-дарра аьлча, адамах Адам дийриг а адаман мотт бу. Дуьненахь дехачу хIора къомана а шенна мотт белла Дала.Шен ненан маттаца кхуьуш ю къоман культура, литература, искусство. Делахь хIета, къоман уггаре а еза, уггаре а сийлахь хазна ю оцу къоман Мотт. ХIора стеган шен ненан маттаца йолчу юкъаметтигашка хьаьжжина мах хадо мегар ду, цуьнан культуран бараман хадийна ца Iаш, цуьнан граждански механаллин а. Шен къоме бакъболу безам хила тарлуш дац, шен ненан матте безам бацахь. Шен къоман матте бен а доцуш хьожуш верг - акха стаг ву ала мегар ду. ХIунда аьлча, шен ненан матте долчу бендацаро гучудоккху цуьнан шен къоман дIадахнарг, хIинца долуш дерг, кхана хиндерг цунна бен-башха а ца хетар…

Вай нохчий ду. Веза-Сийлахьчу Дала кхоьллина вайн нохчийн сибат. Цо елла вайна нохчийн амал. Цо делла вайна нохчийн гIиллакхаш, ламасташ. Цо белла вайна НОХЧИЙН МОТТ. Хьо винчу, хIара дерриге а дуьне хьуна совгIатана деллачу, хьан цхьаъ бен йоцчу, кхин хила йиш йоцчу хьан НЕНАН МОТТ. ХIун хир ду цул деза, цул сийлахь, цул хьоме?!

Нохчийн мотт – вайн къоман АЗ ду, вайн къоман ИЛЛИ ду, вайн къоман НАЗМА ю. Ненан матто Iамадо вай Даймохк беза. Цо Iамадо вайна нохчийн оьзда гIиллакхаш, ламасташ. Цо Iамадо вайна дуьненан а, адаман а хазалла йовза.

Бакъдолуш, вайна хаа дезаш а, коьртачех а дерг иштта ду: Йицъян йиш яц вайн НОХЧИЙН МОТТ ларбаран а, кхидIа кхиоран а йолу проблема. Ненан мотт Iаморехь, цуьнан сий-ларам лакхабаккхарехь доккхачу маьIне хир бу къоман школашкахь беш болу болх.

Тахана вайх хIораннах а дозуш ду нохчийн къоман, вайн мехкан хиндерг. Вайн барт хиларх, вайн кхетамах, вайн доьналлех, вайн хьаналчу кхоллараллин къинхьегамах дозуш ду дуьненан къаьмнашца нисделла, шен ЮХЬ, МОТТ, КУЛЬТУРА, ИСТОРИ йолуш, маьршачу, машаречу ДАЙМЕХКАН дуьззина да хилла вайн нохчийн халкъ дIахIоттар.

## Исламехь магийначу кепара хьуьнар къовсарх лаьцна

Алиев Ахьмад

Хастам бу АллахIана, вайн дахарехь дуьненна а, эхартана а пайден дерг вайна тIедиллинчу, вайна юккъе оьгIазло а, мостагIалла а дало хIуманаш вайна хьарам динчу, вай бусалбанаш кхолларца вайна юккъехь вежараллин уьйр тесна Волчу. Делера салам-маршалла хуьлда вайн Элчанна, цуьнан доьзална а, цуьнан асхьабашна а, къематде даллац нийсонца царна тIаьхьабаьзначарна а.

**ХIай лераме вежарий!** Веза-Сийлахьчу Дала хьарам ду аьлла, бусалба стагана дихкина цуьнан дегIана зене дерг. Дала пайден дерг хьанал дарца, и лелорна тIехь сутара вина бусалба стаг, и кхочушдича цунна мел а луш. Веза-Сийлахьчу Далла лаьа Шен лай онда хила, иза нийсонна тIехь хила. Цундела бусалба стаг хьуьнар къовсар («спорт») Iамош, цуьнца зIе йолуш хила веза, шен нигат Делан дин айба а, шен дегIана, бусалба нахана пайда бан а долуш. ХIунда аьлча вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен хьадисехь билгалдина онда волу бусалба стаг Далла дукхавезаш хилар.

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Онда волу бусалба стаг дика ву, Далла дукхавезаш а ву гIийлачу бусалба стагал, цаьршиннах хIорангахь а дика ду. Хьайна пайден долчунна тIехь сутара хила хьо, Делера гIо а лаха ахь, гIорасиз а ма хила хьо».** Муслим.

«Онда хилар» бохучу дешан маьIна Iеламнаха иштта даьккхина: ийман чIогIа долуш, ницкъ боккха болуш, аьтто болуш хилар ду, аьлла. Онда волу бусалба стаг Далла дукхавезаран бахьана ду цуьнгахь гIийлачу стагана гIо дар долу дела, Далла Iибадат дарехь цуьнгахь ницкъ алсам болу дела. Цундела вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) весет дина бусалба нахе, дегIана пайден долчунна тIехь сутара хила, аьлла.

04 →

## ГIиллакх доччуьнгахь гIуллакх хир дац!

Магамедов Сулиман

**БисмиллахIиррохьманиррохьим**

Хастам бу Далла, Iаламаш кхоьллина, уьш кхобуш, кхиош Волчу. АллахIера салам-маршалла хуьлда Дала Iаламех къинхетам беш, хаза гIиллакхаш кхочушдан ваийтинчу вайн Элчанна Мухьаммадана, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна.

**Лераме бусалба нах!**

Исламан коьрта Iалашо ю, бусалба нах шайна юкъахь барт болуш, шайн дахар ирсе долуш, маьрша бехаш хилар. Амма церан дахар ирсе хир дац, цара вовшашца йолу юкъаметтиг гIиллакхца ларъеш ца хилахь. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Ийман кхочушхиллачех бу хаза гIиллакхаш дерш».** Ахьмад.

Адамийн дуьненан дахар ирсе дина ца Iаш, церан эхартахь долу дарж ойбуш ду хаза гIиллакх. Абу Дардаа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: **«Къематдийнахь бусалба стеган терзан тIехь хазачу гIиллакхал деза хIума хир ма дац. АллахIана ца веза оьзда доцу къамелаш а деш, оьзда воцург».** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), ялсамане вохуьйтур волу хIума дийцахь аьлла, шега дехча, жоп делла-кх: **«Делах кхераро, хаза гIиллакхаш хиларо вохуьйту стаг ялсамане».** Тирмизи.

Дала кхоьллинчу Iаламах шен гIиллакх угаре а хаза а, деза а долуш верг ву вайн Элча Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна). Къурьана чохь иза хастош, Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Баккъал а, сийлахь-деза ду хьан гIиллакхаш». «Аль-Къалам», 4.

04 →

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# Іелас къурайшин цІийнах волчу стагана Эвтарахь сагІа тасийтар

Заурбеков Мас1уд

ЭВПАЯЭХ ПАЬЦНА ДИЙЦАРШ

(МартантІерчу Асхьаб-Моллас дуьйцура аьлла Джунайда дуьйцуш дІаяздина).

Иштта дийцинера Асхьаб-Моллас:

«Цхьана дийнахь Эвтара дахара тхо, ГІойтІара Іовдин муридаш: Махьмад, Дуда, Іусман, Іабдурзукъ

цхьаьна, Іела волчу, цуьнца къамеле а довла, маьждигехь цуьнца цхьаьна жамаІатехь ламаз а дийр ду, аьлла нийт долуш. Тхо дІакхаьчча, маьждиге ваха араволуш вара Іела. Цуьнга яла кечйина ахчанах хІума яра тхан, и дІаелира оха.

Іелас элира:

- Вай хІинца чудахча, хьелур ду, цкъа ламаз а дина, юхадогІур ду вай, тІаккха паргІат хир ду вайна, - аьлла.

Цуьнца цхьаьна, Іела хьалха а волуш, дІадоьлхуш дара тхо, маьждиган майдана кхачале, юьртан къедас Махьматмирзас, Іелина дуьхьал а веана, элира:

- Деллахь, Іела, къурайшин цІийнах цхьа стаг вара сийсира со волчу веана, вайгахь буьйса йоккхуш, сагІийна хІума езаш веана ву иза. Нахе аьллера ас, дІакховдо эхь хетар долуш, кІезиг хІума ели-кх цара, маьждига чу ваьлча, вист а хилий, жимма цунна сагІийна хІума лахьара алий, вистхилахьара хьо, - аьлла.

Іела даима а рузбанан маьждигехь хьалхарчу неІарехала чувахар а, аравалар а Іадат долуш вара.

Чу ма веллина, маьжиган хьурматна ламаз дина ша ваьлча, Іелас элира:

- Махьматмирза, Делан дуьхьий, динан дуьхьий деш хІума хилча, ламазан хан дІа ца йоьдийца?

- Ца йоьду, - элира Махьматмирзас.

- ХІай эвтархой, цхьа хІума ала лаьара суна шуьга, - элира Іелас, чохь болчу нахе, хьала а гІаьттина, - кисана куьг дахийтина, ахча схьа а эцна, вукха кисанара шурул кІайн йовлакх схьа а даьккхина, - Вай махка къурайшин цІийнан нах богІу аьлча, Іовдина уьш бахка ца лиьнера, «хІунда ца лаьа хьуна, ва Іовда, мел йоккха сийлалла яра вайна Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цІийнан нах вайн махкахь хилар», - аьлла ас хаьттича, Іовдас элира соьга: «Дера, Іела, ца лаьа, заманан йохалла, бан ма беззара церан лерам бан вайн ницкъ ца кхачахь, церан сий-тІалам вай ца бахь, Далла а, Элчанна а (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьалха вай бехке хир долу дела. Оцу бехках вай лардала лаьар-кх суна», - элира соьга Іовдас. Дуьхе кхиъча, и нийса луьйш карийра суна. Вайгара гІо оьшуш, вай долчу веана къурайшин цІийна стаг ву кхузахь. Тахана кара кхаьчна хІара ахчанах хІума ю соьгахь, йолчо комаьршо совъяккхий, бІаьрмецигачо бІаьрмецигалла дІаяккхий, хІокху ахчанна тІе шайн аьтто болччул ахча тасар доьху ас шоьга, - олуш, йовлакх охьа а диллина, и шен карахь долу ахча цу тІе диллира Іелас.

«Кхин ала-м ца хаьа суна, олий дуьйцара Асхьаба, - элира Джунайда, - ах гали ахча хир дарккх оцу чохь наха теснарг. Ахча схьа а гулдина, оцу хьеше дІа а делла, доІа а дина, ламаз дина арадевлча, маьждиган майданахь шишшакхоккха вистхуьлуш каравора, ладуьйгІира ас дуьйцучуьнга:

«Хьажахь, нийсса суна тІе хьоьжуш, бІаьрга тІе бІаьрг а хІоттина, сан кисанахь мел долу ахча охьатасийти-кх цо соьга», - элира цхьамма. «Соьга хьоьжуш ма вара иза, - элира вукхо, - аса а дилли-кх сайгахь мел дерг охьа».

Иштта, хІоранна а шег-шега хьоьжу а моттуьйтуш, вистхиллера Іела, бохуш дийцира Джунайда Асхьабан къамелах лаьцна.

- Маьждигера арадевлча, Іелица цхьаьна, Іела волчу схьадаьхкира тхо, - дийцира Асхьаба.

Іалхан-ГІала даха дезаш ду вай, Іелас а аьлла, цига доьлхуш дара тхо. ГІойтІа эвла йистте кхаьчча:

- Схьаяхкийтал шайн говраш суна тІаьххье, - элира Іелас. ТІаьххье доьлхуш дара тхо, эвла юккъа кхаьчча, кховдийча куьг кхочур долуш доьттина пенаш долуш, цхьа йоккха гІишло яра, дехьо-о лаьтташ кхо-виъ кегийрхойх стаг вара.

- Схьавоьл цхьаъ, - аьлла мохь туьйхира Іелас. Цхьаъ ведда тІевеара:

- ХІара маьждиг дуттуьйтуш мила ву? – хаьттира Іелас.

- «Хьенех» ву, - аьлла цхьаьннан цІе яьккхира (Джунайдана дага ца йогІура и цІе).

- Хьадал, чехкка схьавола алал цуьнга, - элира Іелас.

Вахана, схьавалийра, воккха стаг вара и.

- ХІара маьждиг дина хІунда ца далийтина ахь? – хаьттира Іелас. Гуш дара, хьалха а Іелас цуьнга и аьлла хилла хилар.

- Деллахь, Іела, ахча тоа а ца тоьъна, дан хІума а ца хилла, висина хьуна со, - жоп делира воккхачу стага.

Тхуна хууш долуш, шен йоргІа говр йоьхкина ахча дара Іелас шеца говрахь, таьлсаш чохь лелош, тІекхаьчча, нислахь, кхин оьцур ю ша, бохуш. ДІа чу кхевдина, шина а куьйга схьа а эцна:

- ХІан дІаэца хІара, со юхавале маьждиг дина а далийтина, чохь ламаз деш карадойтур ду ахь суна, - аьлла воккхачу стаге дІаелира Іелас ахчанан туп.

(Къамел гуш дІаяздина видеоролик авторан архивехь йолуш ю).

# Мани-Шайхан дахар

Духаев Адам

ЭВПАЯЭХ ПАЬЦНА ДИЙЦАРШ

Герггарчу хьесапехь 1860-чу шарахь хорачочун Назиран доьзалехь кІант хилира. Цунна Мохьмад цІе тиллира. КІант жима вара да Хорачара Цоцин-Эвла охьакхелхачу хенахь. Кхузахь Назира шен кІант Іамавайта Абуга дІавелира. Цо, кІантана хьехна ваьлча, иза Баматгири-Хьаьжа (Іовда) волчу хьажийра. Мохьмадна шайхан дарж делира цигахь Іилма Іамийначул тІаьхьа. ХІетахь дуьйна цунах

Мани-Шайх ала долийра. Шех субат хиллалц иза аьчгапхьеран болх беш вара.

ХІХ-чу бІешеран чаккхенехь Іовдас Мани Теркайисте хьажийра, цигахь къадирийн т1арикъат даржадайта. Шайх Бамат-Юьртахь ваха хиира. Теркахошна юккъехь керла – шовкъе зуькар даржо волавелира иза. Шена тІедехкинчу декхаршца дика ларош вара Мани. Делахь а, цунах ца тешаш берш а бара. Цунна цхьацца новкъарлонаш еш, иза юьртара дІавахийта гІертара и тайпа нах.

Мани хІун стаг ву хьажа лууш Іовда а, Абу а волчу бахара уьш. Цара хаьттина хиллера: «Аш ваийтина волу Мохьмад-Молла хІун шайх ву?». Вукхара жоп деллера шайна тІебаьхкинчеран дегнашкахь цхьа а шеко ца юьтуш.

Кхунна дуьхьал хиллачара Бамат-Юьрта юхабаьхкича, белха а боьлхуш, шайхе шайна къинтІера валар дехна. ХІетте а, хІара кхалххалц кхунах лаьцна эладитанаш дуьйцуш, хІара хьераваьлла ву бохуш нах-м хилла. Эвлаяийн цхьа Іадат хилла: уьш Іаш ца хилла шайх нах ца тешачу меттехь. Цундела Мани-Шайх 1907-чу шарахь ЧІуьлга-Юьрта дІакхелхина.

Юьхьанца иза шен доттагІ а, мурд а волчу Бисултанов Салман волчохь Іийра. Кестта цуьнан мурдаша шайн устазана цІа дира. ВуьрхІитта шарахь цу чохь Іийра шайх.

Мохьмад-Моллин кхо зуда яра. Хьалхарчун цІе ЖовхІарт яра. Цо виъ кІант вира: Бауди, Зияудди, Супьян, Самавди. ШолгІачу зудчо – Хьавас кІант вира. Цунна Абубакар цІе тиллира. Оцу кІентел совнаха шайхан ши йоІ а яра. Неби а, Зайбулла а яра цу шиннан цІерш.

ХІХ-чу бІешеран юьхьехь Мани-Шайх Нохчийчохь чІогІа вуьйцуш, боккха лерам болуш вара. Цунна дара 1911-чу шарахь иза лацар а, Калуге хьажор а. Шайх ссылкера цІавеанчул тІаьхьа а администрацис шен тергонехь латтош вара. Иштта, Назиров санна, Іедало шен тидамехь латтош вара цуьнан устаз – Іовда. Иза 1914-чу шеран 13-чу сентябрехь кхелхира. Оццу шеран 19-чу октябрехь кхелхира Манин накъост, гІалгІа Белхороев БатІал-Хьаьжа. Кхалхийна Калужски губернерчу Казельске дІавахийтина вара иза. Кхелхинчул тІаьхьа ший а эвлаяъ, цІа а валийна, цІахь дІавоьллира: Іовда-Эвтарахь, БатІал-Хьаьжа (БатІа – иштта олура цунах уллорчара – авт) – Сурхахехь. Цу шина а тезетахь хилира шайх. Цул тІаьхьа Мани-Шайх вуьйцу хезаш а вацара граждански тІом баллалц.

ТІом хир буй хууш санна Мани, Ломаз-Юьртара шен муридашца цхьаьна окопаш яха хІоьттира. ТІехволучу цхьамма забар ечуха шайхе хаьттинера:

–Нахе эрна къа хІунда хьоьгуьйту ахь?

–Церан къа эрна хир ду хьуна цара даьккхинчу хоршал дехьа цкъа а мостагІ валахь, – жоп делира Мани-Шайха.

1919-чу шарахь Нохчийчоьнна тІелетира инарла А.Деникинан кІайнгвардейцийн ардангаш. Ломаз-Юьртах тІехдовла гІоьртира и эскарш. ТІаккха хьаштхилира шайхо яхийтина окопаш. Манис юрт ларъян сихха вовшахтуьйхира 54 стаг. Царна куьйгалла дан хІоттийра Россин-Японин тІеман дакъалацархо хилла волу Накаев КІиллу. Цара юхатуьйхира кІайн эскаран тІелатарш. Кхузахула тІехбовла гІертарх гІуллакх ца хилира деникинхойн. (Билгалдаккха деза, Манис яхийтинчу окопашна тІех ца бовла белира 1942–1943-чуй шерашкахь немцой а).

Ша кхалхале хьалха Мохьмад-Моллас весет дира: «Нагахь санна муридашна юккъехь со дІа стенга волла веза бохучунна тІехь къовсам балахь чІулгаюьртахоша Бамат-Юьртахь дІавуллуьйтийла со». 1924-чу шеран хьалхарчу эхехь шайх кхелхира. Иза дІаволла каш даьккхира ЧІулга-Юьртарчу кешнашкахь. Амма, иза цига дІаволла дагахь адам дІадоладелча Бамат-Юьртара муридаш дуьхьал бевлира. Шайн юьртахь дІаволлийта бохура цара шайх. Церан лаам кхочуш а беш Мани-Шайх Бамат-Юьртахь, иза ша ваьхначу кертахь дІавоьллира. Циггахь къуб а йира. (ХІинца а цигахь Іаш бу шайхан тІаьхьенах нах). ЧІулга-Юьртахь даьккхинчу коша тІехь а зератан къуб йина цуьнан муридаша.

Иза кхелхинчул тІаьхьа Нохчийчохь накъшбандийн т1арикъат хьоьхуш хьалхаваьлла вара Іаларойн-Эвлара Абзата-Хьаьжас Іилма Іамийна волу БІаьчи-Юьртара ИбрахІим (Иба). 1937-чу шарахь чекисташа тоьпаш туьйхира цунна.

Мани-Шайхан кІант Зияудди 1972-чу шарахь кхелхира. Герггарчу хьесапехь кхузткъа шо хир дара цуьнан. Цундела дуккха а нахана дагавогІу иза. Цара тоьшалла дора Магомадов Зияуддис, КГБ-с хьийзош воллушехь, ца дитира зуькар дечеран тобанна хьалха ваьлла лелар. Кхузахь билгалдаккха деза Мани-Шайхан кІант кхелхинчул тІаьхьа цуьнан коша тІехь а баматюьртахоша къуб йина хилар. Зияуддин юьртахоша боккха лерам беш хиларна тоьшалла ду иза.

*Гочдеш дІаяздинарг – С.Хасанов.*

# Берана цІе харжар

Муртазаев Сайдмохьмад-Хьаьжа

Лекха волчу Дала адамна доьзал белла, доьзалан хьокъехь долу декхарш нийса долчу Шен шариІатехь билгалдаьхна.

Да-нана Далла хьалха шайн доьзалх жоп дала дезаш ду. Доьзалхочун хьокъехь долчу декхарех ду цунна хаза цІе харжар а. Берана туьллуш йолу цІе и вовзаран билгало ю, дуьненахь а, эхартахь а цуьнан йоккху цІе ю и. Делера салам хиларо ма аьлла: «Баккъал а, Къематан дийнахь шу тІекхойкхур ма ду шун цІерашца а, шун дайн цІерашца а, хазде шайн цІерш тахкар». (Абу Давуд)

ЦІарца муьлха мила ву, хьенан ву хаьа, муьлхачу динехь ву хаьа. ЦІе тиллар лараме гІуллакх долу дела цуьнан бакъо шариІато дега дІаелла. ХІунда? ЦІе тилларехь берана цхьаьнгга а зулам ца дайта, боьха, ирча цІе тиллина бер цхьаьнгга а сийсаз ца дайта. Да ма ву Далла хьалха берах жоп дала дезаш верг. Цу хьокъехь да ненан лаам хІун бу хьажа мегар ду, нана сийлахь ю, бертахь дерг беркате ду. Нагахь и шиъ къовсаме далахь, вай лакхахь ма-аллара, бакъо дегахь ю. Ден тІаьхье ма ю иза, цуьнан фамили ма ю.

Вайнехан Іадатехь, вайн гІиллакхехь дас-нанас туьллуш яц берана цІе, дехоша баккхийберца хьалхе йоккху оцу самукъанечу гІуллакхехь. Иза а вайн динна дуьхьал дац, шен бакъо шена луъучуьнга яла а, шена луъучуьнгахь йита а йиш йолуш ву да. Лекхаволчу АллахІан дин нехан а, къаьмнийн Іадаташ, гІиллакхаш дохош деана дац. Делан шарІ (закон) дохош доцург магийна ду вайн динехь. Делахь а, ца дезаш дерг хІун ду? Диканиг, вониг муьлха ю ца хуучо, динехь сийлахь ергйоцург муьлха ю ца хуучо ма хержийла берана цІе. И цІе, вай хьалха ма-аллара, дуьненахь а, эхартахь а лела езаш ма ю, жима волуш а, воккха хилча а яккха езаш ма ю.

Берана тилла дика цІе харжийта вай нах хьалхалерчу заманахь дуьйна моллина тІебоьлхуш хилла, и гІуллакх дешначу нахе дуьллуш хилла цара. Хьекъал долчу наха шайна цахуург хІинца а хуучуьнга хотту.

Делера салам хиларо уггаре а Далла езаш йолу цІерш – ІабдуллахІ, Іабдуррахьман ю аьлла.

Хьалха Іабд (лай) боху дош дерг тІаьхьа йогІуш ерг АллахІан цІе ерг еза ю бохург ду иза.

Иштта, Делера салам-маршалла хиларо, берашна пайхмарийн цІерш тахка, аьлла. Ткъа уггаре а сийлахь волчу вайн пайхмаран цІерш ма ю шаьш тахка тІех хьакъ ерш: Мухьаммад (хастамна хьакъверг), Ахьмад (тІехъхастаме верг), Хьамид (хастамбешверг), Махьмуд (хестошверг), МустІафа (Дала пайхмараллина хаьржина верг), Башир (ийман диллинчуьнга ялсаманица кхаъ боккхург), Рауф (нахана дика болх хила лууш верг), Рахьим (къинхетаме верг), Махьи (керсталла дІадаккха Дала ваийтина верг), Хьашир (адам шен лорах махьшаре догІу верг), Іакъиб (шел тІаьхьа кхин пайхамар воцург), Расул (Элча), Садикъ (шен ваІда кхочушдийриг), Амин (тешаме верг), МахІди (Дала нисвинарг), Мансур (толамхо), Іадил (нийсо еш верг), Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна, и. дІ. кх.

Асхьабийн цІерш ма ю сийлахь: Абу-Бакр, Іумар, Іусман, Іали (Дела реза хуьлда царна) и. дІ. кх.

Зударийн цІерех сийлахь ерш: Хадижат, Іаишат, Хьафсат, Маймунат, Фатымат, Асият, Маръям. Элчанан (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) зударийн цІерш, цуьнан йоІарийн цІерш, цуьнца ийман диллина хиллачу цуьнан заманан зударийн цІерш (Сахьабийят), Дела реза хуьлда царна массарна а, и. дІ. кх.

Тахана-м и хаза цІерш Іад а юьтий, жуьгтийн а, эрмалойн а, кхидолчу керстачу къаьмнийн а цІерш тохку вайнахах цхьаболчара, дукхахьерш зударийн цІерш ю тохкуш ерш, хІун ю цахуурш.

Адаман сий лахдеш яцахь, вон маьІна долуш яцахь, наха шайн къомехь йолу дика цІерш тахка а мегаш ду. ХІора къомехь ма ю сийлахь цІерш. Вайн къомехь ма ю сийлахьчу эвлаяийн цІерш, турпалхойн цІерш, дикачу нехан а, зударийн а цІерш.

Берана цІе и дуьненчу даьллачул тІаьхьа ворхІалгІачу дийнахь, цунна тІера хьакъикъат дуьйчу дийнахь тиллар суннат ду. Магаре диллича-м, хьалхарчу дийнахь мегаш ду цІе тилла.

Вайна ца магош ерш:

1. Къаьсттина керста нахана лелош ерш ю.

2. Къаьсттина Делаца бен йогІуш йоцурш ю: Рахьман (Шен къинхетам дукха болуш верг), Халикъ (массо хІума кхоьллина верг), Бариъ (доцуш мел хилла долу хІума хилийтина верг), Къуддус (кхачамбацаршха ЦІена верг), Самад (массо хІуманийн Шегахь хьашто йолуш верг, Ша цхьаьнгахь а хьашто йоцуш верг) и д1.кх.

3. ЖІарийн цІерш ю: Лата, Іузза, ХІубул и. дІ. кх.

4. ШайтІан цІерш: Иблис, Хинзаб и. дІ. кх.

5. Хьалха Іабд долуш, тІаьхьа йогІург АллахІан цІе йоцурш: Іабдул-Муслим (бусулбан лай).

Иштта ца тиллича дика ду, вуьшта аьлча, тиллар карахІат ду, адам хастош, цІандеш йолу цІе а, масала: Баррат (муьтІахь ерг).

Элчанан (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) хІусамнана Жахьшан йоІ Зайнаб хилла, цуьнга ша яле, и цІе йолуш. Делан салам хиларо Баррат метта Зайнаб цІе тиллина цунна. Цо (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) муьтІахь мила ву, Іеса мила ву Далла хаьа, аьлла. Делан салам хиларо зудчун Іасьят (Іесаниг) боху цІе хийцина аьлла а ду хьадисехь, цуьнан метта Жамилат (Хазаниг) аьлла цІе тиллина цо (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна).

Иштачех, тиллар карахІат долчех ю Іабид (Іибадат деш верг), Сажид (сужуд деш верг), Закир (Дела хьехош верг) боху цІерш, дин, Ислам дешнаш юкъахь долу цІерш, масала, Нуруль-Ислам (Исламан нур), Мухьйид-дин (дин дендеш верг). ХІунда аьлча, хІокху цІерех шена цІе тиллинарг воккха хилча, шен цІеран маьІна бакъдеш ца хилахь, дин сийсазадечех хир ву, вай наха ма-аллара, шен цІе хьарам ерг хир ву.

Имам Нававина а (Дала къинхетам бойла цунах) дезаш ца хилла аьлла ду шех Мухьйид-дин алар, шех и цІе яккха ша тІех хьакъ воллушехь.

Делан салам хиларо хийцинчерах ю Хьарб (тІом) боху цІе а, цуьнан метта Машар аьлла цІе тиллина цо. МудтІажиІ (Іуьллуш верг) боху цІе гІаьттинарг аьлла хийцина Делан салам хиларо.

Вайн цІерш а, куц а, кеп а, къамел а, лелар а вайн динца цхьаьнадогІуш хила деза. Дала бакъон тІехь нисдойла вай!

# Этапы приучения ребенка к молитве

Макка Герзелиева

*(Продолжение. Начало в №7(407)*

**6. Привлекать внимание ребенка к важности молитвы:**

Если дети тянутся ко сну, следует мягкой форме напомнить им, что до азана к ночной молитве остались считанные минуты: «О, сын мой, (дочь моя) помолись сначала, а потом пойдешь спать».

Если сын попросил у отца пойти с ним на прогулку или навестить одного из родственников перед началом вечерней молитвы (магриба), следует сказать ему: «Прочитай сначала вечерний намаз, затем пойдем!»

И из путей пробуждения в детях чувства (важности) молитвы – озвучивать все встречи, привязывая их ко временам намазов: «Мы встречаемся после асра (предвечернего намаза)», «Мы придем навестить Вас после вечернего намаза (магриба)» и т.д…

Когда родители связывают свои встречи и встречи своей семьи с обязательными молитвами, это закладывает в сознание ребенка, что молитва – нечто очень большое и очень важное в жизни мусульманина.

И на отце лежит ответственность за обучение сына различным видам дополнительных молитв.

**7. Приходить в мечеть заблаговременно**

Очень важный пример отца для сына. Когда отец берет с собой своего сына в мечеть в день пятницы раньше положенного времени, то эта привычка прививается ему на всю его жизнь.

Когда отец заботится о своей утренней молитве (фаджр), и когда он заботится о пятничной молитве и о том, чтобы приходить на нее заблаговременно, то его ребенку прививается та же привычка. Что касается отца, который приходит в мечеть со своим сыном уже перед окончанием пятничной проповеди (хутбы), – тот отец, сам того не замечая, укореняет в своем сыне небрежное отношение к тому, чтобы присутствовать на хутбе.

Когда отец – стремиться к тому, чтобы его сыновья присутствовали на обязательных и на праздничных молитвах, это укореняется в сознании детей, и становится частью их сущности и их жизни. И когда мальчик получает моральное поощрение в виде похвалы и материальное – в виде того, что он любит, за порядок в совершении молитв, и когда есть взаимосвязь между школой и домом, и когда те, кто находятся с ним в школе, интересуются, молится ли он дома, – все это также способствует пробуждению в ребенке чувства ответственности за выполнение намазов.

**8. Обучение Корану, словам мольбы и поминаниям Аллаха**

И когда малыш приучается к повторению дневных и ночных азкаров (слов поминания Всевышнего) и знает, что Аллах говорит: «И выстаивай намаз, воистину, намаз оберегает от мерзостей и предосудительного. Но поминание Аллаха (в молитве и в не молитвы) гораздо важнее!» (Сура «Паук», 45 аят), – эти слова мольбы и поминания Аллаха, дуа после намаза, дуа до намаза, дуа, сопровождающее азан, – все это наполняет его существование и становится привычным для него.

Нужно призывать детей к заучиванию Священного Корана в раннем возрасте, а обучение в детстве подобно высеканию надписи на камне, – это золотой шанс для того, чтобы призывать детей к заучиванию Корана, напоминая им этот благородный хадис: «…и скажет Коран: «О, Господь, отпусти его грехи!» И будет ему (рабу) надета корона почета. Затем он (Коран) скажет: «О, Господь, прибавь ему! О, Господь, будь доволен им!» И Он проявит Свое Довольство.

04 →

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# Верования арабов до пророчества Мухаммада

*(да благословит его Аллах и приветствует)*

**Мубаракфури**

*(Продолжение. Начало в №7(407)*

Кроме того, среди арабов было принято гадать по стрелам (азлям), точнее говоря, по специальным стрелам без оперения, которые были трёх видов: на стрелах одного вида было написано либо “да”, либо “нет”, либо не было вообще никаких надписей. Они прибегали к гаданию по таким стрелам, когда хотели отправиться в путешествие, заключить брак или предпринять ещё что-нибудь важное для них. Если выпадала стрела со словом “да”, они осуществляли задуманное, а если на ней было написано “нет”, то откладывали дело до следующего года, а потом гадали снова. Второй вид стрел предназначался для гаданий по спорным вопросам, связанным с водой и вирой за кровь[Иначе говоря, компенсацией за убийство, ранение или нанесение увечья.], а на стрелах третьего вида было написано “из вас”, “не из вас” или “присоединён”. В случае возникновения сомнений относительно происхождения кого-либо из них они приходили к идолу Хубала, приводили с собой сто верблюдов и отдавали их тому, кто занимался гаданиями по стрелам. Если выпадала стрела с надписью “из вас”, считалось, что человек принадлежал к данному племени, если на стреле было написано “не из вас”, по своему положению он приравнивался к союзнику, а если выпадала стрела с надписью “присоединён”, человек сохранял своё положение в племени, но считалось, что он ни с кем не связан ни узами родства, ни союзническими обязательствами. [“Лекции аль-Хадири по истории исламских народов”, 1/56; Ибн Хишам, 1/152–153.]

К этому была близка азартная игра майсир и метание жребия по стрелам (кыдах), что являлось разновидностью азартных игр. С помощью этих стрел они делили мясо забиваемых ими верблюдов.

Кроме того, они верили в то, что говорили им прорицатели, гадатели и астрологи. Прорицателем (кахин) являлся человек, занимавшийся предсказанием будущего событий и утверждавший, что обладает знанием всевозможных тайн. Одни прорицатели утверждали, что в подчинении у них находится джинн, который сообщает им различные известия, другие заявляли, что благодаря дарованной им проницательности они способны постигать сокрытое, третьи же претендовали на обладание способностью познания происходящего с помощью анализа всевозможных причин и предпосылок, о которых они узнавали из слов людей, задававших им вопросы, и на основании которых они делали выводы о том, что должно было произойти в том или ином месте, опираясь на знание о словах, действиях или состоянии того, кто обращался к ним с вопросами. Такой человек именовался гадателем (‘арраф). Гадатели также утверждали, что могут узнать, где произошла кража, где находятся украденные вещи, заблудившиеся животные и так далее. Что же касается астрологов, то они занимались наблюдением за небесными светилами, вычисляя их орбиты и время появления для того, чтобы с помощью этого узнавать о грядущих событиях. Вера в сообщения астрологов по сути дела является верой в небесные светила в целом, частью которой была вера арабов в отдельные звёзды и планеты. Вот почему они говорили: “Нам был послан дождь благодаря такой-то планете”.[См.: “Сахих” Муслима с комментариями ан-Навави, “Книга веры”, «Глава, в которой разъясняется, что не верует тот, кто говорит: “Нам был послан дождь благодаря появлению (такой-то) планеты”, 1/59. »]

Кроме того, они верили в дурные предзнаменования. Так, например, они приносили птицу или приводили антилопу и пугали её, и если после этого птица или животное бросалось направо, они осуществляли задуманное, считая, что это обещает им благо, если же птица (животное) летела (бросалось) налево, люди отказывались от своих планов, считая это дурным знаком. И когда птица или животное встречались на их пути, они также усматривали в этом дурной знак.

Сродни подобным верованиям было то, что для защиты от всего дурного они привязывали в определённых местах заячью лапку, и то, что считали неблагоприятными некоторые дни и месяцы и считали дурным предзнаменованием некоторых животных, места и женщин. Кроме того, они верили в то, что инфекция передаётся от одних людей к другим, и в то, что сова предвещает несчастье[Если сова садилась на чей-либо дом, считалось, что скоро там кто-то умрёт.], а также считали, что убитый не находит себе покоя до тех пор, пока за него не отомстят, и что дух его вселяется в сову, которая летает по пустыням, повторяя: “Я хочу пить!” – или: “Напоите меня!” – когда же за убитого мстят, он успокаивается и обретает отдохновение[См.: “Сахих” аль-Бухари, 2/851–852 и примечания к нему шейха Ахмада Али ас-Сахаранфури.].

Арабы, жившие в эпоху джахилийи, верили во всё это, но вместе с тем в чём-то продолжали придерживаться и религии Ибрахима, не отказываясь от неё окончательно. Так, они чтили Каабу и совершали обходы вокруг неё, совершали хаджж и умру, стояли на Арафате, останавливались в Муздалифе и совершали жертвоприношения, но при этом во всё вносили какие-то новшества.

Курайшиты говорили: “Мы являемся сыновьями Ибрахима, обитателями святилища, хозяевами Каабы и жителями Мекки, и никто из арабов не обладает такими правами и не занимает такого положения, как мы”, и они называли себя ахмаситами[ От “ахмас” – истовый в вере.], говоря: “Мы не должны выходить за пределы харама”, и они не стояли на Арафате и, соответственно, не покидали его, но приходили в Муздалифу и уходили оттуда. И о них был ниспослан следующий аят: “Потом уходите оттуда, откуда ушли (другие) люди … ”[То есть покидайте долину аль-Муздалифа утром в день праздника. Здесь обращение к курайшитам и представителям некоторых других племён, живших вокруг Мекки, которые оставались в аль-Муздалифе и не отправлялись к Арафату.] (“Корова”, 199) [Ибн Хишам, 1/199; “Сахих” аль-Бухари, 1/226.]

*(Продолжение следует)*

***Перевод на русский язык: кандидат философских наук Владимир Абдулла НИРША***

# Эвлаяийн беркат – Нохчийчохь

**Бехоева Луиза**

**ЭВЛАЯЭХ ПАЬЦНА ДИЙЦАРШ**

ТIаьхьало йолуш хIун ду кху дуьненан дахарехь? Адамо ша дуьненчохь дехачу заманчохь вовшахтоьхна хьал-бахам, цо гулдина дуьненан даьхни, я лардина йиша-вешин гергарлонаш, уьйраш? Тийсина, беркатечу кханенна аьлла, зIенаш, я тIаьхьарчу тIаьхьенна а карон а, пайда эца а дика? Масех чкъор хийцалуш, хийцадалар ца девзачу динан, Iилманан башхаллаш – цул пайдехь а, тIаьхье йолуш а хIун ду?

РегIан когашкахь шера тогIе нисйина, Теркан токхечу аренашца яьржина Iуьллу шира юрт - Девкар-Эвла цхьа шатайпа Соьлжа-ГIалин Теркал сехьа долу ков хилла лаьттина даима а. Бохам бохьуш богIу хийла бIо шен кIентийн доьналло сацийна, тIамца чугIерта паччахьан эскаран меца чагIалкхаш нохчийн туьрца хийла юхатоьхна, хийлазза Iожаллин цIаро ягийна, йохийна, юха а дуьххьара санна, денъелла юрт ю Девкар-Эвла. Амма беккъа цхьа тIемалой кхиийна ца Iийна къоьжа юрт. Кху чохь, кху юьртан аганахь техкийна, кху юьртара схьабевллачу къонахийн масалш тIехь кхиийна, шех вайн махкахь доккха беркат даьржина, ваьхна ву Докка-Шайх (Дала къайле тойойла цуьнан).

Шаптукаев Iабдул-Iазиз дуьненчу ваьлла I838-чу шарахь. Жима волуш дуьйна Энгель-Юьртахь хьуьжарехь доьшуш, Къуьрьан, Iаьрбийн мотт, йоза Iамош къахьегна шайх хила кхоллам язбеллачу кхиазхочо. Кхиаре вирзича, шен устаз лаьцначу, ЧIаьнти-Юьртарчу Элах-Моллас дакъалаьцна кхидIа и Делан Вели шен хааршкахь совваккхарехь…

1911-чу шарахь паччахьан Iедало харцтоьшаллица, боцу бехк кхоьллина, шийлачу Сибрех дIабига кхиэл йина Нохчийчохь цIе йоккхуш хиллачу шайхашна а, эвлаяашна а. Царна юккъехь хилла (Дала къайле тойойла церан) Эвтарара Бамат-Гири-Хьаьжа, Шелара Соип-Молла, ГIалгIайн махкара БатIал-Хьаьжа, Девкар-Эвлара Докка-Шайх. I9I2-чу шеран апрель баттахь Докка-Шайх цигара рицкъа кхачаделла, Даймахка цIавирзина.

Дуьненчохь ша йоккхучу хенахь шена АллахIа динчу диканна хастам беш, шена тIеIитталучу дахаран гIуллакхашца нислуш йолу халонаш а, эшамаш а Далла хьеставаларца, Далла хастамбарца ловш ваьхна Докка-Шайх (Дала къайле тойойла цуьнан).

Эвлаяийн дукхачу, хазачу гIиллакхех цхьаъ хилла хир ду-кх и – дашца, бIаьрсица, лерсица оьзда, ларлуш, собаре хилар. Царна дихкина хилла-кх, вайна массарна а санна, сонта хилар, къамелаца кIоршаме, оьгIазе хилар. ХIара дуьне цхьа бIаьр-негIар тухучу юкъанна бен цахиларх кхиъначу цара башха лоьруш ца хилла-кх рицкъанаш, бахамаш…

Кху зерате, Нохчийчуьра массо юьртара бохург санна, адамаш догIу: цкъа делахь, Далла везначу кху Шайхан зерате а, шолгIа делахь, шен доIийна жоп даларе сатесна а…

Иштта ду-кх дикачу адаман дахаран масал. Стаг эхарта вирзича, цуьнан Iамалийн тептар дIакъовлуш делахь а, цунах даьлла беркат дуьненчохь дехаш мел ду, кхелхинчунна эхартахь пайде хир ду и. Кху харцдуьненчохь йоккхучу кIезигчу замано гойту динчу диканан доза а, хан а цахилар. И бакъболу Делан велий, дуьненчуьра дIакхелхинчул тIаьхьа а, дуьненчохь бIешерашкахь деха церан беркат, цара тIаьхьенна дитина дика.

Дала Шена гергара бинчарех хилла болу дика нах, иштта баьхна-кх даима а – шайн дерриге а дахарца масал хуьлуш, дуьненан паргIатонаш ца лоьхуш, эхартахь эца пайдабоцу хьал-бахамаш вовшех ца бетташ. Дахарехь нислуш йолу халонаш, эшамаш, Далла хастамбарца къобалбой, тIелоцуш, шайн сина-дегIана аьхналла-паргIато ца лоьхуш. Царна билггал хууш хилла тахана хIокху харц-дуьненах Iехавалар кхана эхартахь эца пайдабоцу мехаллаш юйла. Цундела битина цара шайна эхартана белхи, цундела битина бухбоцу хIорд санна шорта а, кIорга а чулацам болу бусулба динан хьехамаш.

Вайн дай хийла хьегна зама ю тахана еанарг. Цхьа юрт (жима а, йоккха а) яц Нохчийчохь рузбанан я жамаIатан маьждиг доцуш. Цхьаъ вукхунна хезаш, вовшех уьш, зевне дека ламазана кхойкхучу муэдзинийн мукъаме аьзнаш. ЖамаIатан ламазе хIиттинчу бусулба вежарийн могIарш, хIора денна аьлча санна, алсамдуьйлуш лаьтта, цкъа а ца хиллачу кепара динан паргIато ю, вай теш хуьлуш, Нохчийчу йоьссинарг. Вайн безачу шайхийн, устазийн, эвлаяийн беркат ду вайн махкахь даьржинарг.

Кхоьллинчу Дала уьш безначех дойла вай!

# Коьрта тидам – кхетош-кхиоран балхана тIехьажийна…

ХIора стаг АллахI Дала шена билгалбинначу дахаран новкъа дIаваха везаш ву. Тахана вайн махкахь, нохчийн къомана юкъахь, бусулба динехь коьртачех ду тIекхуьуш болу кегийрхой кхетош-кхиоран болх хила беззачу тIегIанехь дIабахьар. Иза шен къомах дог лозуш волчу муьлххачо а даза ца долуш гIуллакх ду.

Жималлехь дуьйна иштта некъ схьалаьцна хиларца вевзаш ву тIекхуьуш долу чкъор, вайн къоман кхане беркате хилийтар шен дахаран коьрта декхар лоруш волу Нажи-Юьртан кIоштан дешаран урхаллин куьйгалхо Зубайраев Сайпудди. Шен юьртахь – Даттахехь хьовха, кIоштахь а дика вевзаш, дикачу агIор цIе йоккхуш, нехан дика-вонехь хуьлуш, хьанал къахоьгуш ву Сайпудди.

Сайпудди вина I962-чу шарахь Нажи-Юьртан кIоштан Даттахехь, бусулба дин дезаш а, лелош а болчу доьзалехь. Жима волуш дуьйна Кьуьрьан Iамийра цо. Цуьнан дас-нанас коьрта лоруш дара доьзал ламазца-мархица хилар, воккханиг воккхалица, жиманиг жималлица ларар, нехан хьашташка хьажар, ийманехь кхиор. И дерриге а схьаийцира кIанта дукха жима волуш.

Массарна хууш дерг ду, советан Iедал долчу заманчохь бусулба дин лелор, и Iамо кхераме хилла хилар. ТIаккха а, Iедало мел новкъарлонаш еш хиллехь а, ийман, собар, хьуьнар, бусалбаналла, нохчалла лардеш, эвлаяш безаш, цхьа устаз а лаьцна, цунна вирд доккхуш, цIенна бусулба дин таханлерачу дийне схьакхачо ницкъ кхечира вайн дайн. Иштта Делан дуьхьа къахьегна бу Сайпуддин дай, шаьш Iилма Iаморал сов, нахана дIахьехна а болуш.

«Тахана санна паргIато яцара хIетахь бусалба дин Iамо а, хьеха а, амма и лаам болуш волчунна аьтто карабора, - дуьйцу Сайпуддис. - Вайн республикин хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин (Дала гIазот къобал дойла цуьнан) беркатца, иштта цуьнан кIантан НР-н Куьйгалхочун, Россин Турпалхочун Кадыров Рамзан-Хьаьжин беркатца вайн махкахь бусулба Iилма кIорггера Iамо а, довза а яккхий бакъонаш ю тахана. И Делан доккха беркат ду. ХIинца санна паргIато хилла яц цкъа а. Ерриге а ярташкахь светски дешар деша ишколаш хиларал сов, бусалба Iилма Iамо хьуьжарш ю, рузбанан а, жамIатан а маьждигаш ду. Вайн дайн и аьттонаш ца хилла.

Тхан юьртахь, вайн халкъ махках даккхале доьшуш мутаIеламаш хилла. Амма дешар цIахь Iамо бакъо яцара, я хьоьхуш берш а бацара. Лаьмнашкахула гIаш, шен аьтто бериг говрахь, къайллах Дагестанерчу Iаьнда деша воьдура. Сан деда Зубайраев Якъуб пхийтта шарахь Iаьндахь Iилма Iамийна ву. Цул тIаьхьа, Бенахь шен хьуьжар а йолуш, нахана Iилма хьоьхуш, махкахь а дика вевзаш хиллачу Тимирболатца дешна цо. Са дедеваша вара Iела цIе йолуш, эвлаяь ву олура цунна, диканний бен цIе ца йоккхуш, вевзаш вара и дуккха а ярташкахь. Цу тайппана гIарабевлла Iеламнах хилла цу хенахь тхан юьртахь Витаев Мадаш а, Зайнал-Iаьбди-Молла, Айдамир-Молла», - дозаллица цIерш ехира Сайпуддис шайн юьртахойн-Iеламнехан.

Сайпуддис мало ца еш светски дешар Iаморехь къахьегна.

Даттах-Юьртахь юккъерчу ишколехь дешна ваьлча, шен хенарчу кегийрхошца советски эскаре гIуллакх дан вахара иза. Цигара цIавирзича, I987-чу шарахь Л.Н Толстойн цIарахчу НохчиГIалгIайн пачхьалкхан университетан исторически факультете деша хIоьттира иза.

Университет чекхяккхина ваьлча, шен юьрта – Даттаха - юккъерчу ишколехь историн урокаш луш хьехьархочун болх бира цо. Къоначу хьехархочун кхиамаш гина, дукха хан ялале завучан болх тешийра цунах. 2003-чу шарахь Нажи-Юьртан кIоштан суьйренан ишколан директор хIоьттира. 2009-чу шарахь Сайпудди Даттахарчу юккъерчу ишколе директор хьажаво. Иза шен декхаршца дика ларош хиларан билгало яра цо куьйгалла дечу шерашкахь Даттаха-Юьртан ишкол кIоштахь хьовха, махкахь а юьйцуш хилар, цуьнан дешархоша республикин а, Ерригроссин а конкурсашкахь совгIатан меттигаш йохуш хилар.

20I5-шарахь дуьйна Нажи-Юьртан кIоштан дешаран урхаллин куьйгалхо ву Сайпудди. Гуш ду, цуьнан ерриге а дог-ойла шен балхаца, дешархой кхеташкхиорна тIехьажийна ю. КIоштан ерриге а ишколашкахь хьалхарчу классашкахь дуьйна бусулба дин дуьйцуш, кхетош-кхиоран балхана тIехьажийна къаьсттина урок ю хуьлуш.

- ХIокху дуьненчохь мел дукхаваьхча а, хIара дуьсур долуш, харцдуьне ду. Цундела кхачам болччу агIор хIора стагана ламаз Iамо, марха кхаба,Iилма Iамо, цхьа говзалла караерзо хьелаш ду вайн махкахь кхоьллина таханлерчу дийнахь. Нохчийн махкахь тахана схьагуш долу хьал, къасттина баккхийчарна гуш ду и, вайн дай даима хьегна ду. Вайн халкъан цхьана муьрехь баккхий баланаш лан дезнехь а, тахана хилларг Делан къинхетам бу. Цундела вайн хьекъал, ницкъ, доьналла мел ду тIекхуьуш йолу тIаьхье, вайн дайша санна, ийманехь, исламехь кхион гIертар дукх вай, Дала мукъ лахь. И ю-кх вайн коьрта Iалашо…», - элира Сайпуддис.

Шен къамелехь Сайпуддис хьахийра шен нана. Цо элира, ша миччахь нисвелча а, дахарехь шен хуьлуш болу кхиамаш – уьш шен ненан кхиамаш бу, нанас шена бинчу хьехамца вехаш ву ша, аьлла. Шен ден хьалхе нисделлера кхалхар, амма нанас, мел хала хиллехь а, уггаре хьалха, Делах тешаш, ийман-ислам долуш, шен декхар кхочушдира. Тахана кхоъ доьзалхо ву цуьнан ненан, яхь йолуш, нахана пайде болуш, къахьоьгуш.

Сайпуддис дийцира Ненан маттах лаьцна, нохчийн меттан дийнах лаьцна. Вайна ма-хаъара, ненан мотт ца хаар доккха сакхт ду. «Оьрсийн мотт, инглс мотт, иштта кхин меттанаш хаар пайдехь ду, дика а ду. Амма нохчийн меттан къаьсттина терго ян еза – и кIорггера хаар, бовзар – безар - вайна тIехь ду. Бакъду, дукха хьолахь олуш хеза нохчийн мотт дIабовш хета олий. Суна иштта ца хета. Вайна дага догIу-кх, советийн Iедал долчу заманчохь гIали юккъехь, автобусна, трамвайна тIехь нохчийн маттахь вист хилча, реза ца хуьлура оьрсий: «Говорите по русски…» - бохуш, тIе а чехаш, дуьхьал хIума ала а йиш йоцуш, хенаш яра, хуург а ца бийца гIертара. ХIинца дерг кхин хьал ду. Нохчийн мотт бовш хетта бохучо и дагадаийта деза.

Суна вайн ненан мотт кхуьуш хета. ХIунда аьлча, тахана вайн ненан мотт мелла а цIинлуш, кхуьуш бу. Кхин хIумма а ца хилча, ярташкахь даима буьйцуш бу ненан мотт, ткъа гIалахь, муьлаххачу мероприятехь хезаш, буьйцуш берг нохчийн мотт бу. Вайн паччахьо Кадыров Рамзан-Хьаьжас къаьсттина тидам беш бу оцу балхан. Цул сов Кадыров Ахьмад-Хьажас (Дала гIазот къобал дойла цуьнан) вайна хьалха хIоттийна декхар дара цIенна нохчалла йолуш хилар, нохчийн мотт цIенна бийцар, бусулба дин лело», - боху Сайпуддис.

Къамел дерзош Сайпуддис «Исламан зIаьнарш» газетан мах хадийра. «Иштта газет Нохчийчохь хилар пайде хета суна, хIунда аьлча цахуучарна бусулба дин довзийта аьтто болуш ду иза хилар», - элира цо.

Сайпудди самукъане къамелахо хиллера. Оцу дийнахь, гIуллакхаш дукха хиларна, вистхила хан кIезиг бен ца хилира цуьнан. Массех минотехь хиллачу къамелехь дукха хIума дийца а, довзийта а ларийра иза. Вайн махкахь Сайпудди санна шен къам дезаш, мохк безаш, цунах дог лозуш къонахий хилар Делан къинхетам бу. ДIора гена дIахьоьжуш, леха а ца оьшу масалш. ХIора а, Делан дуьхьа, вовшашка къинхетаме хьаьжча, вовшийн дог хьостуш, гIулаккхе хьовсуш, тешаме хилча, гIиллакх, оьзданга лла, нохчалла шегахь гайтича, ирсе хир дара вайн дахар, цуьнан цхьа а шеко а яц.

***Къамел дIаяздинарг - Заурбеков МасIуд. Зорбане кечйина Бахаев Зелимхас***

# Исламехь магийначу кепара хьуьнар къовсарх лаьцна

Алиев Ахьмад

01 Хьуьнар къовсар схьадогIуш ду (бусалба динехь) вайн Элчанан заманера. Ибнул Къаййим бохучу Iеламстага тоьшалла до оцу тIехь шен дашехь, цо аьлла: «Билггал хууш ду вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен асхьабашна юккъехь къовсам дIабаьхьна хилар: чехка вадарехь, говраш а, эмкалш а масала хахкарехь а».

Бусалба динехь хьуьнар къовсаран хаза масал ду вайна Тирмизис далийначу хьадисехь: «Iабду Язидан кIант Руканат цхьаьнга а охьа ца тохалуш латархо вара. Цхьана дийнахь ша Элчанна дуьхьал кхетча, шеца ондалла латаре кхайкхира цо иза. Элчано ша охьатоьхча, шозлагIа, кхозлагIа летира иза, амма Элча туьйлира цул. Мухьаммад Дала боккха ницкъ белла ваийтина Элча хилар шена хиъча, Руканат бусалба дине веара».

**Хьуьнар къовсар Iамош волчу бусалба стеган аматаш дагардийр ду вай:**

**1. ЦIена нигат долуш, Делан дуьхьа хилар.**

Iабдуррахьмана (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, АллахIан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Баккъал а, АллахI, Веза-Сийлахь ву иза, шун догIмашка а, шун куьцашка а хьоьжуш вац, амма бакъду, Иза хьоьжуш ву шун дегнашка а, шун Iамалшка а». Муслим.

**2. Хьуьнар къовсарх бахьана а дина, ламазана ледарло ца яр.**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Баккъал а, ламаз ду ийман диллинчу нахана хан тоьхна тIедиллина». «Ан-Нисаъ», 103.

**3. Ша Iамош дерг шена а, нахана а зене цахилар.**

Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) боху Ибн МажахIа далийначу хьадисехь: «Хьайн дегIана зен деш долу хIума а, нахана зен дийр долу хIума а ма де ахь».

**4. Оьшучу барамал тIех шовкъе ца вийлар.**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Баккъал а, маларца а, шовкъечу ловзаршца а шайтIанна лаьа шуна юккъе оьгIазло а, мостагIалла а таса». «Аль-Маидат», 91.

**5. Шена Дала беллачу ницкъа тIехь нахана хьалха куралла ца яр.**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Куралла еш, ца вешаш хьайн юьхь ма сеттае нахана, лаьттахула кура ма лела. Баккъал а, Далла ца веза ша шех цецвуьйлург а, кура верг а». «Лукъман», 18.

**6. Шегара гIо оьшучу меттехь бусалба стагана гIо дар.**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Баккъал а, АллахI Шен лена гIо деш хуьлу, и лай шен вешина гIо деш мел ву». Муслим.

ХIай лераме кегийрхой! Вайна хии, хьуьнар къовсар бусалба динехь вайн Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) заманера схьадогIуш хилар, вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дегIана пайден долчунна тIехь сутара хила аьлла вайга весет дина хилар. Амма вайн Элчано вайна ца магийна ирча хIума лело а, бусалба стагана новкъарло яр а. Цундела вай Iамош долу хьуьнар къовсар хила деза шарIан доза ца хадош, шена тIехь шовкъевийлар а, я Дала хьарам динчу агIор харж яр а доцуш.

Бакъду, тахана дуьнен чохь дуккха а, тайп-тайпана а хьуьнар къовсарш ду, адамна дуьненан дахарехь оьшуш доцуш, цуьнан могашалла талхош долуш.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Аш ма тийса шайн догIмаш хIаллакьхиларе». «Аль-Бакъарат», 195.

Цхьадолу хьуьнар къовсарш даг чохь шеко кхуллуш ду, бусалба нахана шайна уьш хьанал ду я дац ца хууш. И санна долчун хьокъехь вай дагадаийта деза Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадис, Iелин кIанта Хьасана (Дела реза хуьлда цаьршинна) ша далийна долу: «Хьой шек волу хIума дита ахь, шеко йоцург лела-де». Тирмизи.

Веза-Сийлахьчу Дала бусалба нахана хьуьнар къовсарехь боккха ницкъ, могашалла, доьналла лойла. Шайн дин, ийман, хьекъал, догIмаш талхош долу хIума дIатаса кхетам лойла Дала массо а стагана.

# ГIиллакх доцчуьнгахь гIуллакх хир дац!

Магамедов Сулиман

01 Цхьа а шеко йоцуш, Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дахар бусалба нахана къеггина масал ду Делаца а, нахаца а гIиллакх лелорехь пайдаэца хьакъ долуш.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Делан Элчанца дика масал дара шуна – Делах а, къематдийнах а кхоьручарна, Дела дукха хьехочарна». «Аль-Ахьзаб», 21.

Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Баккъал а, со ваийтина ву сийдолу гIиллакхаш кхочушдан».

Бусалба стеган гIиллакх хаза хилар, иза оьзда хилар гучудоккхуш дуккха а белхаш бу, царах коьрта берш хьахор бу вай:

**1. Дена-нанна муьтIахь хилар.**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Хьан Дала омра дина, Ша воццчунна Iибадат ма дойла аш, деца-ненаца дика а хилалаш, аьлла. Хьуна гергахь цаьршиннах цхьаъ я ший а къаналле кхачахь, ахь цаьршинга ма алалахь «уффай!», чеха а ма делахь и шиъ, ахь ала цаьршинга хаза дош». «Аль-Исраъ», 23-24.

Вайн дайша чIогIа лардеш хилла деца а, ненаца а долу гIиллакх, цаьршиннан бакъ цIе а ца йоккхуш, кIеда-мерза бистхуьлуш хилла уьш. Шайн балхехь цаьршиннах дагабовлуш хилла уьш, цаьршингара пурба доцуш арабовлуш ца хилла уьш.

**2. Воккхачун лерам бар, жимачух къинхетам бар.**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Вайх ма вац баккхийчеран сий ца динарг, кегийчаьрца къинхетаме ца хилларг».

Воккхачун сийдар бохучо юкъалоцу – цул хьалха цуьнга хьал-де хаттар, цуьнан некъ ца хадабар, и чувеача хьалагIаттар, цунна охьахаа меттиг ялар, и вистхуьлучу хенахь ладогIар, оьшучохь цунна гIо дар.

**3. Хьаша-да тIеэцар.**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Делах а, къематдийнах а кхоьруш волчо хьешан лерам бойла». Бухари, Муслим.

Вайн дайша шаьш хIусам ечу хенахь, хьаша-да тIелаца чоь билгалъеш хилла, и ша волчу веача цуьнга паргIат буьйса яккхийтархьама. Цунна билла къаьсттина мотт а, баа кхача а латтош хилла цара.

**4. Сий-ларамечу нехан, церан тIаьхьенийн (къурайшийн тайпанан, эвлаяийн) маслаIатца доьзначу дехарна жоп далар.**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Баккъал а, бусалба нах вежарий бу, аш маслаIат де шайн шина вешина юккъехь». «Аль-Хьужурат», 10.

Нохчийн къоман хазачу гIиллакхех ду дика нах а, церан тIаьхье а ларар, церан даше ладогIар. Церан беркат бахьана долуш хийла Iана тарлуш долу цIий ца Iенаш дисина, шех беркат ца долу дов-тIом маслаIатца дIабирзина. Эрна ца аьлла вайн хьекъалечу дайша: «МаслаIатан мотт сецча, цIий Iаьнна».

**5. Бусалба нехан гIуллакхе хьажар, церан хьашташ кхочушдар.**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Шен вешин хьашт кхочушдеш верг милла велахь а, Дела хуьлу цуьнан хьашт кхочушдеш». Муслим.

Вайн дайшкара схьадеана гIиллакх ду, ялта чудерзош я хIусам еш, я и санна накъосталла оьшучу меттехь белхи вовшахтохар.

**6. Юьртахь, лулахь а тарлуш хилар.**

Iаишата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Жабраил-малик соьга весет дечуьра саца ма ца сецира, суна лулахочо сайх ирс оьцур ду мотталц». Бухари, Муслим.

Вайн дайша олуш хилла: «Генарчу вешел уллехь волу лулахо гIоли ву».

Лулахь дика-вуон деъча, нохчаша шайн кевнаш дIадоьллу, дехьа-сехьара баьхкинчу нахе шайн хIусамашкахь ламаз дойту, царна баа кхача а ло цара.

**7. Ша оьгIаз вахча, шен дегIан доладар.**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Нах охьабеттарх дац ницкъ болуш хилар, баккъал а, ницкъ болуш верг – ша оьгIаз вахча а шен дегIан дола далуш верг ву».

Нохчийн къомана чIогIа сийсаз, осала хеташ хилла, шел гIийлачунна тIехь ницкъ беш верг. Делан дуьхьа хIума гечдина, къинтIера волург доьналла долуш къонах ву, олуш хилла вайн дайша.

**8. Нахана юкъахь оьзда мотт лебар.**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Баккъал а, оьзда воцуш хилар, мотт оьзда боцуш хилар – бусалба динах дац. Баккъал а, бусалба динехь нисбелларш – гIиллакхаш хаза хилларш бу».

Вайн дайша олуш хилла: «Iеламнах болчохь мотт сацабе, эвлаяш болчохь дог сацаде». Цара иштта олуш хилла: «Герзо йина чов йирзина, матто йина чов йирзина яц».

**9. Оьзда духар лелор, коьртахь хIума лелор.**

Пхийттара ваьллачул тIаьхьа коьртахь хIума йоцуш лелар эхь лоруш хилла вайнаха. КоьртаIуьйра лелаш волу стаг тоьшаллина магош ца хилла Iеламнаха.

**10. Зударийн лерам бар.**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Зударийн сий ца до сийдолчара бен, уьш сийсаза ца бо сийсаза болчара бен».

Нохчийн къоман Iадатехь, кIант йоIе вистхуьлучу хенахь, цаьршинна уллехь зуда ца хилча, эхь лоруш хилла.

**11. Куралла цаезар.**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Ялсамани чу гIур вац, шен даг чохь мискъала зарратал куралла ерг».

Кура стаг осала хеташ хилла вайн дайшна, иза дакъазавала хьаьхна ву, олуш а хилла цара.

**Лераме бусалба нах!**

Вайн дайша схьадеана, бусалба динца догIуш долу цIена гIиллакхаш дицдан мегар дац вай, уьш дендарехь ю вайн къоман кхане. ГIиллакхан барамехь бен къонахалла ца хуьлу стагехь. Ткъа «гIиллакх доцчуьнгахь гIуллакх ца хуьлу», – эрна ца баьхна вайн дайша. Дала гIиллакх-оьздангаллехь совдохийла вай!

# Этапы приучения ребенка к молитве

Макка Герзелиева

02 И будет ему (рабу) сказано: «Читай его! И читай красиво!» И будет увеличено ему благо (или «любое его доброе дело») с каждым прочитанным аятом». (Из достоверного хадиса, приведенного Хакимом в сборнике «Мустадрак»).

Когда мы обучаем своих детей положению хафиза Корана, положению того, кто читает Коран, степени того, кто обучается Корану, степени того, кто обучает Корану, – вместе с этим возрастает в ребенке усердие в заучивании Корана.

**9. Прибегать к помощи педагогических приемов**

Когда родитель рисует своему ребенку таблицу для совершения намазов, будет лучше если их вешать в каждом помещении, в котором читается молитва. И когда устанавливаешь на компьютер программу, касающуюся совершения намаза, и основ малого омовения (вуду') и молитвы… И когда в их присутствии повторяешь за муэдзином слова азана, а когда он произносит: «Хайя аля-ль-фалях! Хайя аля-ль-фалях! («Спешите к спасению! Спешите к спасению!»), родитель говорит: «Нет Силы и Мощи, кроме как у Аллаха!».. И когда мы повторяем вместе с ним слова единобожия и слова свидетельства в присутствии детей – все это запечатлевается в их сознании.

И когда мы обучаем детей словам мольбы при выходе из дома на молитву… Или словам мольбы при входе в мечеть и словам мольбы при выходе из нее… Словам мольбы перед справлением нужды… Все это принесет пользу для жизни нашим детям в будущем.

И самое главное, часто нужно напоминать один хадис: от Абу Катады, да будет доволен им Аллах, приводится, что он сказал: «Сказал Посланник Аллаха (Да благословит его Аллах и приветствует): «Наихудшим из воров является вор, который крадет из своей молитвы». Они сказали: «О, Посланник Аллаха, каким образом он ворует из своей молитвы?» Он сказал: «Он не доводит до конца ни свой поясной поклон, ни свой земной поклон, или не выпрямляет спину ни в поясном, ни земном поклоне». (Ахмад и Табарак). Тем самым мы прививаем нашим детям дух ответственности за (совершаемую) молитву.

**10. Мягкость, подбадривание и стимулирование**

От Абдуллаха бин Амра бин Аль-Аса, да будет доволен Аллах ими обоими, приводится, что Посланник Аллаха (Да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Проявляющие милосердие – это те, к которым проявит свое милосердие Милосердный. Будьте милостивы к тем, кто на земле, – будет милостен к вам Тот, Кто в небесах!» (Абу Даудом и Тирмизи).

Каждый, кто занимается воспитанием детей, обязан отдалятся от большого количества приказов, ему необходимо вознаграждать ребенка за проявление хороших качеств морально, как-то проявление своего довольства, или вознаграждать его материально за совершение благих дел.

В случае совершения ребенком ошибки, следует сказать ему: «Это дело является ошибочным», – вместо того, чтобы говорить ему: «Поистине, ты ошибся!». Мы должны быть с ними ласковы, разъяснять им истину. Если же они повторяют свои ошибки множество раз, можно запретить им что-либо из того, что они любят. И это будет в качестве их подготовки к постоянству в молитве.

А я прошу Всевышнего помочь всем родителям воспитать маленьких мусульман так, чтобы Он был ими доволен!

## Дахарехь зеделларг

ХIора дош ша ша цхьацца дош бен дац, и дешнаш вовшахтаса хиъчий бен къамел хуьлуш дац.
Ала дезарг дIааларал а пайдехь ду ала ца дезарг ца олуш дитар.
Дений нанний безаш боцу мотт доьзална беза хала ду.
Хазачу дашо хьекъал дерг нисво, ткъа Iовдалниг гал воккху.
Шена довза цалуург наха дийцарх девзар дац.
Нанас ца буьйцу мотт доьзале бийцалур бац.
ХIумма а ца хуург Iовдал вац, хаа ца гIертарг ву Iовдал.
Шена хуург дIахьеха хила еза Iалашо.
Нохчийн маттах лаьцна дийцарх мотт денлур бац, нохчийн маттахь дуьйцуш ца хилча.
Нохчийн мотт - бийцаро денбийр бац, бийцарой бен.

*Сайд-Эмин*

*Хаа хьакъ ву хIора а*

# Са ма гатде

Іаид ал-Къарний

**Ирсе хила!**

Ийман, дика Iамал (АллахIах тешар, пайде къахьегар) – и шиъ ю хьуна хьан дикачу дахаран къайле, цаьршиннах дIа ма ха́далахь.

Iилма лохуш хила, пайде хаарш Iамош хила. Ешар марздé хьайна, бакъдолуш ешаро гIайгIанаш дIайоху хьуна.

Тоба дар керладоккхуш хила, Iесаллашна генахь латта, хIунда аьлча цара дахар гатдо, талхадо, харцахьа́доккху.

Ойла а еш Къуръан деша, дуккха а Дела хьахош хила даима.

Массо кепара нахана диканиг деш хила, сапаргIат хир ду хьан.

Майра хила, кхоьруш ма лéла, майра адам сапаргIат хуьлу.

ХьогIах, цабезамех, оьгIазлонех, Iехорах, массо вочу сакхтех-цамгарех цIена латтаде хьайн дог.

Хаза стом лур болчу балхана тIеверза, даима пайдечу къинхьегамца воьзна хила, хьайн гIайгIанаш, сингаттамаш дицлур ду хьуна.

Хьайн таханлерчу дахарехь ва́ха, хилларг, лелларг, хин дерг дицде.

Куьцехь, рицкъанехь, могашаллехь, иштта цу кепара долчу кхечу хIуманашкахь хьайл лахара волчуьнга хьажа.

Хила тарлуш долчух угаре а вочунна кийча хила, тIаккха и хилахь – цуьнца вала ма везза чекхвала.

Коьрте оьхучу кхерамечу, зенечу ойланашна тIаьхьа ма гIуо, юьххьехь дIахе́даé уьш.

ОьгIаз ма эха! Собаре хила! ОьгIазло юхатоха, кIеда хила, хIума могуьйтуш хила, къинтIера волуш хила. Дахаран оьмар йоца ю хьуна.

Диканаш дIадевр ду алий ма хета, вонаш тIехIуьттур ду бохуш ма хила, мелхо а АллахIан кера дIало хьайн болх.

Халонна а, проблемана а шен барам луо, шен барамал сов ма я́ха уьш. Деста ма де хуьлуш дерг.

Къайлах массо хьайна дуьхьал ваьлла ву моттар Iаддита, даима вуочуьнга ладоьгIуш ма хила.

Дахар атта хилийта хьайн, паргIат хилийта. Дуьненан хазаллашна дукха тIаьхьа ма вийла. Дахаран совнаха болу сал-пал – новкъарло ю. ДегI дукха хазаллашна марздар – синна таIзар ду.

Хьайна хилла долу вонаш хьайгахь лаьтташ долчу диканашца дуста, са́ зенел дуккха йоккха юй хуур ду хьуна.

Хьох лаьцна аьлла долчу вочу дашо хьуна дан зен дац хьуна, мелхо а и аьлларг ша́ шена зен деш ву хьуна. Цундела цу хьокъехь сингаттаме ма хила хьо, цуьнан ойланаш ма е́ ахь.

Хьайн ойла яр нисде. Диканаш тIехь, кхиам тIехь, дикаллина тIехь еш хила ойла.

Цхьаьнггара а баркалле ма хьéжа, хьуна хьалха́ декхарийлахь вац хьуна цхьа а. Айхьа деш долу дика хIума АллахIан дуьхьа дé, и тоьар ду хьуна.

Хьайна пайде йолу цхьа проект (болх) билгалъйе хьайна, тIаккха цу тIехь ойла еш хила, цуьнца воьзна хила, сагатдарш, сингаттамаш, гIайгIанаш дицлур ду хьуна.

Айхьа дан дезарг хIинццехь дé, таханлера гIуллакх кханенга, тIаьхьа ма тетта.

Хьайца богIуш болу цхьа пайде болх (говзалла, пхьола) Iамабé хьайна. Хьайна дика хеташ, хьайн самукъа долуш болу цхьа пайде болх беш хила.

Дала хьайна деллачу ниIматаш тIехь ойла е, Цуьнан диканаш тIехь ойла е, уьш дийца, АллахIана баркалла олуш (шукур деш) хила тIаккха, Цо хьайна уьш даларна, латторна.

Дала хьайна еллачу могшаллех, даьхнийх, доьзалх, балхах-Iамалх тоам беш хила, дог тоаме долуш хила, реза воцуш ма хила.

Гергарчуьнца а, генарчуьнца а айхьа юкъаметтиг лелош цуьнан диканашка хьажа, сакхташна бIаьргаш дIакъовла.

Нехан гIалаташка ма хьежа. Элирабахаршка, адамийн эрна хабаршка ла ма дéгIа. ГIаш волавалар, спорт, хьайн могашалла ларъар... Могаш-маьрша хьекъал могаш-маьрша дегIаца хила дезаш ду хьуна.

Даима Деле доIа деш хила, гечдар доьхуш, могаш-маьрша хилийтар доьхуш, дика хьал доьхуш.

*/ТIаьхье хир ю/*

ЗОРИ ИСЛАМА
Республиканская религиозно-просветительская газета «Исламан Заьларш»
Газетан бух биллинарг
Заурбеков МасIуд
Коьрта редактор
МасIудан Мухьаммад

Газет диллинарг/арахоьцург:
НР-н къоман политикин,арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство
Министерствон адрес: 364060, ЧР,Соьлжа-ГIала, Дудаевн цIарах бульвар,радион ЦIа
Редакцин адрес: 364014, Соьлжа-ГIала, Н.Назарбаевн урам, 92
Телефон: 8-928-088-85-50
Тхан интернет-почта: zori_islama@mail.ru
Редакцин сайт: www. zori-islama.com
Газетан индекс: 54 928

Газетан верас
Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжа

Газетна регистраци йина зIенан, хаамийн технологийн, шуьйрачу коммуникацийн декъехь терго латторехула йолчу Россин Федерацин Нохчийн Республикехула йолчу федеральни службехь 20I5-чу шеран I-чу декабрехь
Регистрацин хьокъехь долу тоьшалла
ПИ № ТУ 20-00II0

Редакцин кхеташо:
М. Заурбеков – коьрта редактор
С.Межиев – НР-н муфти,
Х-А. Кадыров – Къилбаседа Кавказан Iелимнехан кхеташонан куьйгалхо,
М. Д. Заурбеков, С. Муртазаев,
Л. Арсалиева

Арадолу нохчийн, оьрсийн меттанашкахь баттахь шозза, ериденошкахь

Тираж - 3000. Зорбанна куьг яздан деза хан 24.04.2018 шо. 15:00.
Зорбанна куьг яздина хан 24.04.2018 шо. 16:00
Заказ №
Зорбатоьхна ГУП ИПК «Грозненский рабочий» типографехь. Типографин адрес: 364021, Соьлжа-ГIала, Интернациональни урам, I2/35
БИННА МАХ

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!